Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**S. BEGMATOV, K. KURBANOV**

# MUZÍKA

**6-klass ushın sabaqlıq**

Ózbekshe qayta islengen 6-basılıwınan
qaraqalpaqsha 3-basılıwı

*Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi
basıwǵa usınıs etken*

Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi
Tashkent – 2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K 78 (075.3)=512.121
KBK 85.31 ya 0,71
B 34

**Pikir bildiriwshiler:**

**Gulchehra DADABAEVA** – Respublika Bilimlendiriw orayınıń «Muzıka óneri, texnologiya, fizikalıq jetiklik hám salamatlıq» bólimi bas metodisti;

**Vasila GAPPAROVA** – Tashkent qalası Uchtepa rayonındaǵı 203-ulıwma bilim beriw mektebiniń muzıka mádeniyatı páni oqıtıwshısı.

**Feruza AXMADEEVA** – Tashkent qalası Sırǵalı rayonındaǵı 284-ulıwma bilim beriw mektebiniń muzıka mádeniyatı páni oqıtıwshısı.

**Qaraqalpaqsha awdarmaǵa juwaplı redaktorı:**

**S. Tajetdinova** – Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan Xalıq bilimlendiriw aǵlası, NMPIniń “Muzıkalıq tálim” kafedrasınıń baslıǵı, docent

Respublika maqsetli kitap qorı ǵárejetleri esabınan basıp shıǵarıldı.

**S.Begmatov, K.Kurbanov.**
Muzıka: 6-klass ushın sabaqlıq. – T.: Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi. 2017. – 88 b.

UO‘K 78 (075.3)=512.121
KBK 85.31 ya 0,71

ISBN 978-9943-5006-1-7

© S.Begmatov, K.Kurbanov
© Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi, 2017
Qaraqalpaqsha awdarma
© “Bilim” baspası, 2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SÓZ BASÍ

Áziz oqıwshılar! Qolıńızdaǵı 6-klass «Muzıka» sabaqlıǵı sizlerdi muzıka dóretiwshiliginiń klassikalıq úlgileri menen jaqınnan tanıstıradı. Klassikalıq muzıka hár tárepleme jetik shıǵarmalardı óz ishine aladı.

Sabaqlıqtan xalıq folklorı hám awızeki professional muzıkası, Shıǵıs xalıqları muzıkası, zamanagóy estrada muzıkası, sonday-aq kompozitorlıq dóretiwshiligi haqqında túsinik alasız.

Muzıkanı xalıq jaratadı. Al jıraw-baqsılar, sázendeler bolsa xalıqtan alıp qayta islep, rawajlandırıp, klassikalıq janrlar kórinisinde jáne xalıqqa inám etedi. Evropa usılındaǵı klassikalıq muzıka insan sanasınıń jemisi, yaǵnıy kompozitorlıq dóretiwshiliginiń nátiyjesi.

I sherekte xalıq awızeki professional muzıkası hám onıń janrlıq belgileri haqqında túsinik beriledi; II sherekte zamanagóy muzıka dóretpeleri, ásirese ózbek hám qaraqalpaq estrada muzıkasına kóbirek itibar berilgen; III sherekte ázerbayjan, qazaq, turk, qırǵız, tájik, qaraqalpaq sıyaqlı shıǵıs xalıqlarınıń muzıkaları menen jaqınnan tanısasız; IV sherekte jáhán klassikalıq muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwına úlken úles qosqan V.Mocart, L.Betxoven, F.Shopen, M.Glinka usaǵan Evropa kompozitorlarınıń dóretiwshiligi menen tanısasız.

**Sabaqlıqtan ónimli paydalanıw ushın tómendegi shártli belgilerdi eslep qalıń:**

 – muzıka tıńlaw;

 – muzıka sawatı;

 – jámáát penen qosıq aytıw

?! – sorawlar hám tapsırmalar;

 – óz betinshe oqıw;

 – dawıstı sazlaw shınıǵıwları



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

*Abdulla Aripov* sózi — *Mutal (Mutavakkil) Burxanov* muzıkası

**Saltanatlı**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Serquyosh, hur o‘lkam, elga baxt, najot,
Sen o‘zing do‘stlarga yo‘ldosh, mehribon!
Yashnagay to abad ilm-u fan, ijod,
Shuhrating porlasin toki bor jahon!

N a q a r o t:

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!

Bag‘ri keng o‘zbekning o‘chmas iymoni,
Erkin, yosh avlodlar senga zo‘r qanot!
Istiqlol mash’ali, tinchlik posboni,
Haqsevar, ona yurt, mangu bo‘l obod!

N a q a r o t:

Oltin bu vodiylar – jon O‘zbekiston,
Ajdodlar mardona ruhi senga yor!
Ulug‘ xalq qudrati jo‘sh urgan zamon,
Olamni mahliyo aylagan diyor!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK GIMNI

**Ibrayım Yusupov** sózi **Najimaddin Muxameddinov** muzıkası

**Saltanatlı**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Jáyhun jaǵasında ósken bayterek,
Túbi bir shaqası mıń bolar demek,
Sen sonday sayalı, quyashlı elseń,
Tınıshlıq hám ıǵbal sendegi tilek.

N a q ı r a t ı :

Diyqan baba nápesi bar jerinde,
Juwsan ańqıp, kiyik qashar shólinde,
«Qaraqalpaqstan» degen atıńdı,
Áwladlar ádiwler júrek tórinde.

Aydın keleshekke shaqırar zaman,
Mártlik miynet, bilim jetkerer oǵan,
Xalqıń bar azamat, dos hám miyirban,
Erkin jaynap-jasnap, máńgi bol aman!

N a q ı r a t ı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BIRINSHI SHEREK

## MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKA HAQQÍNDA TÚSINIK

### *1-tema.* MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKA

Klassikalıq muzıka – sheber sazendeler, qosıqshılar, maqomshılar, baqsı-jırawlar dóretken maqomlar, dástan namaları, kólemli qosıq (ashula)lardı óz ishine aladı. Ádette olar «milliy klassikalıq muzıka», yamasa «awızeki professional muzıka» dep ataladı. Qaraqalpaq xalqınıń muzıkasınan bul túrdegi shıǵarmalarǵa keń kólemdegi qosıqlar, baqsı-jırawlar atqaratuǵın dástan namaları kiredi. Demek, klassikalıq muzıka xalıq muzıkasınıń professional dárejesindegi úlgilerinen bolıp sanaladı. Bul baǵıttaǵı shıǵarmalar eń kúshli, xalıqqa belgili sazende hám qosıqshılar, baqsı hám jırawlardıń atqarıwında saqlanıp, házirgi áwladqa jetip kelgen. Sol sebepten olardı atqarıwshıdan úlken tájiriybe, talant, muzıkalıq uqıp talap etiledi.

Klassikalıq muzıka úlken kólemdegi namalar hám qosıqlardan ibarat boladı. Olar mazmunı, dúzilisi hám jergilikli xalıqlardıń sóylew ayırmashılıqlarına qarap birneshe túrlerge iye. Bular Buxara–Samarqand, Xorezm, Surxandarya-Qashqadarya, Ferǵana-Tashkent, Qaraqalpaqstan úlkesi bolıp bólinedi. Sóylesiwdegi ayırmashılıqlar (dialekt) tek ǵana tilde emes, al muzıkada da bilinip turadı.

*Klassikalıq muzıka úlgilerinen tıńlań.*

*“Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik gimni”. Ibrayım Yusupov sózi, Najimaddin Muxameddinov muzıkası*

2/4 ólshemindegi ritmlik dúzilmelerdi aytıń:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



?! 1. Klassikalıq muzıka haqqında sóylep beriń.
2. Qanday muzıka úlgilerine “milliy klassikalıq muzıka” deymiz?
3. Milliy klassikalıq muzıka kimler tárepinen dóretiledi hám atqarıladı?
4. Ózbekistandaǵı qanday úlkelerdi bilesiz jáne olardıń muzıkaǵa tásiri qanday?

## *2-tema.* MILLIY KLASSIKALÍQ SAZLAR

Milliy klassikalıq muzıkası eki túrden ibarat. Olardan biri tek saz namaları bolsa, ekinshisi aytım namalardan ibarat. Saz namaları eń ápiwayi namadan tartıp quramalı maqom úlgilerine deyingi shıǵarmalardı óz ishine qamtıydı.

Ádette milliy sazlar jeke atqarıwshı hám ansambl bolıp shertiw usılında atqarılǵan. Xalqımız súyip tıńlaytuǵın namalar júdá kóp. Olarǵa ózbekshe «Hojiniyoz I-II», «Chóli Iroq», «Mirzadavlat», «Rohat», «Aliqambar», qaraqalpaq xalıq namalarınan – «Kúnxoja», «Jekke baslı», «Miń túmen», «Qırmızı» hám «Sıy perde» namaların atap aytsaq boladı.

### SÍY PERDE

**Ortasha**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Xalıq sazları ansambli



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalqımız arasınan milliy klassikalıq namalardı jaratqan hám atqarǵan ataqlı sazendeler jetisip shıqqan. Olardan Usta Olim Kamilov, Yunus Rajabiy, Toxtasın Jalilov, Faxriddin Sodiqov, Muxamınadjon Mirzaev, Turǵın Alimatov, qaraqalpaq sazendelerinen Esemurat Nurabıllaev, Aytjan Xojalepesov, Ibrayım Patullaev, Genjebay Tilewmuratov, Kárimbay Tınıbaevlardı atap ótsek boladı.

*Ózbekshe «Chóli Iroq», «Rohat», qaraqalpaqsha «Mıń túmen», «Dás nama» sazların tıńlań.*

Tómendegi namanı notaǵa qarap aytıń.





## BOLALAR

*Jumaniyaz Jabbarov* sózi — *Habibulla Rahimov* muzıkası






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




| | |
|---|---|
| Sevinch bo‘lib yog‘dik dilga,<br>Misli shabnam jalalar,<br>Biz iftixor, quvonch elga,<br>Bolalar, bolalar, bolalar! | Boshingizdan quyosh sochdi,<br>Mangu zarrin tolalar,<br>Iqbol bizga bag‘rin ochdi,<br>Bolalar, bolalar, bolalar! |

?!
1. Milliy klassikalıq sazlar degende qanday shıǵarmalardı túsinesiz?
2. Sizler qanday sazlardıń atların bilesiz?
3. «Mıń túmen» sazın eske túsirip, aytıp beriń.
4. «Balalar» qosıǵınıń avtorları kimler? Qosıqtı birgelikte aytıń.

## *3-tema.* MILLIY KLASSIKALÍQ NAMALAR

Milliy klassikalıq namalar – házirgi zamanagóy qosıqlardan óziniń dúzilisi, joqarı háwijliligi hám sózlerin klassikalıq shayırlar jazǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.

Milliy klassikalıq qosıqlar xalıq arasında keń tarqalǵan. Olardan «Ayralıq», «Muxalles» túrleri, «Sanalı geldi»,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Eshbay» «Qoshım palwan», «Ǵulpaq», «Sayqalı nalısh» qosıqların aytıwǵa boladı.

## JORTÍWLÍ NAMASÍ

*Shamurat jıraw Bekmuratov variantı*




Bunday milliy qosıqlar negizinen klassikalıq shayırlar bolǵan Ájiniyaz, Berdaq, Kúnxoja hám basqa da shayırlardıń qosıqlarına jazıladı.

Bul qosıqlardı atqarıwshılar sazendeler ansambli járdeminde yamasa ózi shertken ásbap járdeminde atqaradı. Qaraqalpaq baqsıları duwtar-girjek hám balamannan paydalanadı.

A. Shamuratova, T. Raxmanova, G. Shirazieva, A. Atamuratova,



Milliy klassikalıq namalardıń atqarıwshısı, ataqlı baqsı Turǵanbay Qurbanov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

S. Mámbetova, Esjan Qospolatov, Genjebay Tilewmuratov, Turǵanbay Qurbanovlardı húrmet penen tilge alamız.

*«Eshbay», «Ushshaq» hám «Muwsa sen yarı» namalarınan birin tıńlań.*

Tómendegi namaǵa dirijyorlıq etip, notaların anıq, tegis hám saz dawısta aytıń.

**Asıqpay**



?! 1. Ashula qanday janr?
2. Milliy klassikalıq qosıqlardan qaysıların bilesizler?
3. Bunday qosıqlar qanday shayırlardıń sózlerine aytıladı hám olardan kimlerdi bilesiz?
4. Qosıq atqarıwshıları haqqında aytıp beriń.

## *4-tema.* SHASHMAQOM – MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKAMÍZDÍŃ NEGIZI

Shashmaqom – ózbek hám tájik xalıqlarınıń klassikalıq muzıkası bolıp sanaladı. Shashmaqom Buxarada XVIII ásirde tolıq qáliplesti. Onda 250 den artıq saz hám qosıqlar bar. Shashmaqom – altı maqom degen sóz. Olar «Buzruk», «Rost», «Navo», «Dugoh», «Segoh» hám «Iroq» dep ataladı.

Shashmaqomdı arnawlı tayarlıqqa iye qosıqshılar atqaradı. Olar «maqomshılar» dep ataladı. Olarǵa arnawlı maqom ansamblleri janapayshı boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TASNIFI BUZRUK

*Buzruk maqomınan*



*Shashmaqom quramındaǵı shıǵarmalardan (máselen, Tasnifi Buzruk) úzindiler hám de «Arıwxan» namasın tıńlań.*



“Muxalles” ansambli

*Berilgen namanı túrlı ritmikalıq formalardan paydalanǵan halda aytıń.*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

?!
1. Shashmaqom degenimiz ne?
2. Shashmaqomdı qurawshı bólimlerdi bilesizler me?
3. Shashmaqom qay jerde hám qashan payda bolǵan?
4. «Tasnifi Buzruk»dan úlgiler aytıp beriń.

## *5-tema.* FERǴANA-TASHKENT ÚLKESINIŃ MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ. KATTA ASHULA

Elimizde hárbir úlkeniń ózine tán muzıkalıq dástúrleri bar.

Ferǵana-Tashkent jolına aytılatuǵın klassikalıq qosıqlar sol jerde jasawshı xalıqlardıń sóylesiw dialekti, turmıs sharayatı, kásip-kári, etnikalıq ómiri negizinde payda bolǵan. Bu úlkeniń klassikalıq muzıkasına maqom jollarına sáykes dórelgen shıǵarmalar kiredi. Bular: «Bayot I–V», «Gulyor-Shahnoz I–V», «Dugoh Husayniy I–VII», «Chorgoh I–V»ler. Ásirese bul jerge tán bolǵan katta ashula janrı óz aldına itibarǵa iye.

### DUGOH HUSAYNIY TARONASI

Xalıq muzıkası




Usı jol boyınsha úlgi bolarlıqtay xalıqqa tanılǵan ataqlı sazende-qosıqshılar boldı. Olardan Mamatbuva Sattarov, Joraxan Sultanov, Mamurjan Uzaqovlardı atap ótsek arzıydı.

**Katta ashula** – negizinen Ferǵana oypatında jasawshılardıń jergilikli usılında aytılatuǵın kólemli vokal (aytım) janrlarınan bolıp esaplanadı. Xalıq arasında “patnisaki qosıqlar” dep te ataladı. Ádette katta ashulalar saz ásbabınıń járdemisiz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2-3 qosıqshılar tárepinen atqarıladı. Xalıq arasında bul qosıqshılardı katta ashulashılar dep ataydı.

Atqarıwshılar jetik ustazlardan tálim alǵan, keń diapazonlı, kúshli dawısqa iye bolıwı shárt. Katta ashulalardı sheber atqarıwshılardan Hamraqul Qarı, Mamatbuva Sattarov, Joraxan Sultanov, Mamurjan Uzaqov, Ádiljan Yusupovlar xalqımızǵa jaqsı tanıs.

*Bayot I, Mushkiloti Dugoh, Nasrulloi I jáne katta ashulalardan birin tıńlań*

Tómende berilgen sazdıń atın anıqlap, notaǵa qarap aytıń hám de dawam ettiriń.



1. Ferǵana-Tashkent úlkesi qanday milliy klassikalıq muzıkasına iye? Atların sanap ótiń.
2. Úlkeniń ataqlı katta ashulashılarınan kimlerdi bilesiz?
3. “Dugoh Husayniy taronasi” namasınan úzindi aytıp beriń.

## *6-tema.* XOREZM ÚLKESINIŃ KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Xorezm eń eski mádeniyatqa iye bolǵan úlkelerdiń biri bolıp, óziniń mádeniyatı hám kórkem óneri menen Orta Aziya mádeniyatınıń rawajlanıwına úlken úles qosıp kelgen.

Xorezm klassikalıq muzıkası janrlarǵa bay. Maqomlar maqom stilinde jaratılǵan nama hám qosıqları, ózine tán dástan atqarıwshılıq usıllarına iye. Sonlıqtan da “Xorezm alti yarım maqomları” dep aytıladı.

Xorezmde maqomlardan bólek ózlerine tán «Suvora», «Naqsh», «Faryod» sıyaqlı klassikalıq sazlar hám qosıqlar bar. Bular naǵız Xorezm muzıkalarınıń úlgileri bolıp sanaladı.

Xorezm klassikalıq muzıkalarınıń jáne bir túri – bul dástan atqarıwshılıq óneri. Bul jerde baqsılar hám qosıqshılar tar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

girjek, qosnay, tanbur, duwtar, sırnay hám dáp ásbaplarınan paydalanıladı.

Xorezm klassikalıq muzıkasınıń ustazları Madrahim Sheraziy, Hojixon Baltaev, Kámiljan Ataniyazovlar bolıp sanaladı.



*Xorezm úlkesiniń qosıqshı hám sazendeler ansambli*

*"Suvora" hám "Feruz I" namaların tıńlań.*

## ALIQAMBAR





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Xorezm baqsıshılıq jolları.

Baqsıshılıq Xorezm xalqı arasında keń tarqalǵan ónerlerdiń biri. Ol ózine tán belgileri menen basqa úlkelerden ayırılıp turadı. Bul jerde baqsılar dástanlardı atqarǵanda namalardı ashıq dawıs penen aytadı. Sonısı menen qaraqalpaq jıraw-ları hám Surxandárya baqsılarınan parıq qıladı.

?!
1. Xorezm úlkesi mádeniyatı haqqında nelerdi bilesiz?
2. Xorezm milliy klassikalıq muzıka úlgileri haqqında sóylep bering.
3. Xorezm dástanshıilıq óneri haqqında sóylep beriń.
4. “Aliqambar” sazınan úzindi orınlap beriń.

## *7-tema.* SURXANDÁRYA-QASHQADÁRYA ÚLKESINIŃ MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Surxandárya hám Qashqadárya úlkesi óziniń jergilikli úrip-ádet jáne dástúrleri menen ayırılıp turadı. Olardıń milliy klassikalıq muzıkası kóbisi baqsıshılıq óneri menen tikkeley baylanıslı.

Dástan atqarıwshılardıń ózgesheligi sonda – olar aytım namaların biziń jırawlarǵa uqsap tamaqtı qırıp, jırlap aytadı, biraq dombıra súyemellewinde orınlaydı. Demek, bul úlke kóbine dástan atqarıwshılıq óneri menen tanılǵan. Sur-xandárya hám Qashqadárya úlkelerinde dástan atqarıwshı-lardı júzbası, baxshi yamasa shayır deb ataydı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul úlkede eń kóp tarqalǵan dástanlar “Alpamıs”, “Góruǵlı”, “Allanazar Alchınbek”, “Kelinay”, “Altın qabaq” hám t.b.

## QULTAY MENEN GÚLPARSHÍNNÍN’ HÁWJAR AYTÍSQAN JERI

(“Alpamıs” dástanınan)

*Abdinazar baxshi Poyonov variantı*




● “Alpamıs” dástanınan úlgiler tıńlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE




## MUNAJJIM BOBOM

Polat Mómin sózi

Nadim Narxojaev muzıkası






Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Fan ko'ksida yashaysiz hamon,
Ardoqlagay jahon-u zamon.
O'chmagaydir hech izlaringiz,
Biz yerdagi yulduzlaringiz.
Samarqandda bordaysiz mudom,
Ey munajjim, Ulug'bek bobom.

Surxandárya–Qashqadárya dástan atqarıwshılıq jolları.

Surxandárya–Qashqadárya dástan atqarıwshılıq jolları ózine tán bolıp, tamaqtı qırıp, jırlap aytıw jolı menen aytadı. Dástan aytqanda tek jalǵız dómbıra súyemellewinde aytadı. Bul úlkeniń xalqı arasında “Alpamıs”, “Góruǵlı”, “Allanazar Alchınbek”, “Kelinay”, “Altın qabaq” sıyaqlı dástanlardı aytıp, ataqqa iye bolǵan baqsılar kóp. Abduqaxxor Raximov, Shoberdi Baltaev, Abdinazar Poyanov, Muhammad Eshbaevlar usınday baqsılar qatarına kiredi.

1. Surxandárya–Qashqadárya milliy klassikalıq muzıka janrları haqqında sóylep bering.
2. Qanday dástanlardı bilesizler?
3. Shayır-baqsılardıń atların aytıp beriń.

## *8-tema.* QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Qaraqalpaq xalqınıń muzıka mádeniyatı óziniń uzaq tariyxına iye. Xalıqqa tereń mazmunlı sazların, qosıqların, dástanların jıraw, baqsılarınıń atqarıwında biziń dáwirimizge jetkerip bergen.

Sol atqarıwshılardıń bir túri– jırawlar. Ádette jırawlar ózleri qobız ásbabın shertip, biziń milliyligimizge tán tamaqtan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



aytılatuǵın dawıs penen termeler, dástanlar aytqan. Termeler negizinen násiyat qosıqlarınan ibarat bolǵan. Al dástanlarǵa kelsek olar batırlıq dástanlardı jırlaǵan. Ol dástanlardan «Edige», «Alpamıs», «Qırıq qiz» hám taǵı basqalardı aytıwǵa boladı.

Xalqımızǵa Soppaslı Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw, Nurabulla jıraw, Ógiz jıraw, Qurbanbay jıraw, Qiyas jıraw, Jumabay jıraw Bazarovlardiń atları jaqınnan tanıs.

*Jırawlar aytqan terme, dástanlardan úlgiler tıńlań.*

## QARAQALPAQ BAQSÍSHÍLÍQ MEKTEBI



Xalqımızdıń dúrdana baylıqları bolǵan namaların, qosıqların hám dástanların álpeshlep, urpaqtan-urpaqqa jetkerip bergenlerdiń biri baqsı dep ataladı. Olar xalıq arasınan shıqqan talantlı sazende, qosıqshılar bolǵan. Baqsılar ádette xalıq qosıqların hám lirikalıq dástanların aytqan. Ózleri duwtar shertip, qasına járdemshi girjekshi hám balamanshılardıń kómeginde namalardı, qosıqlardı atqarǵan. Baqsılar «Ǵarip Ashıq», «Yusip Axmet», «Góruǵlı», «Sayatxan Hámra» sıyaqlı dástanlardı aytqan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalqımızdıń súyikli baqsıları Muwsa, Esjan, Japaq Shamuratov, Genjebay Tilewmuratov, Óten Tóreshov, Turǵanbay Qurbanovlardıń atları jaqınnan tanıs.

*Baqsılar aytqan xalıq qosıqların tıńlań.*

?!
1. Qaraqalpaq milliy klassikalıq muzıkası haqqında sóylep beriń.
2. Jırawlar qanday dástanlardı jırlaǵan?
3. Xalıq húrmetine bólengen qanday jırawlardı bilesiz?
4. Baqsılar qanday ásbapta shertken?

## MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKANÍŃ MÁDENIYATÍMÍZDAǴÍ ORNÍ



Muzıka mádeniyatı xalıqlardı bir-birine jaqınlastırıp, doslıqtı bekkemlewshi rolin atqaradı. Milliy muzıka miyrasların abaylap, tolıq saqlaǵan xalıq ruwxıy jaqtan bay sanaladı. Onday xalıqtıń keleshegi aydın boladı. Milliy muzıkalar xalıqtıń ǵáziynesindegi baylıǵı. Sebebi olar usta sazendeler tárepinen ásirler boyı dóretilip, áwladtan-áwladqa ótip, bizge jetken.

Sol sebepli hárbir dáwir dóretiwshileri óz xalqınıń ótmishin, klassikalıq muzıkasın húrmetlese, oǵan súyense, hám sol joldı dawam ettirse, keleshek ushın biybaha miyras qaldırǵan boladı. Hárqanday zamanagóy dóretpe ótmish dástúrleri menen suwǵarılsa milliy mádeniyat gúllene beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalıq dástanlarınan úlgiler tıńlań

?!
1. Milliy klassikalıq muzıka haqqında nelerdi bilesiz?
2. Klassikalıq muzıkanıń turmısımızdaǵı ornı hám áhmiyeti qanday?
3. Zamanagóy mádeniyatqa klassikalıq muzıka ne beredi?
4. Klassikalıq muzıkanıń mádeniyatımızǵa tásirin qalay túsinesiz?

## TEST JUMÍSÍ

**1. Klassikalıq muzıka degen ne?**
a) Iri formadaǵı quramalı saz namaları hám qosıqlar;
b) 4 bólimnen ibarat muzıkalıq janr;
c) Kupletli shıǵarma.

**2. Klassikalıq muzıka jáne qanday at penen ataladı?**
a) Folklor muzıkası; b) Professionallıq muzıka;
c) Zamanagóy muzıka.

**3. Milliy klassikalıq sazlar qaysı saz-ásbaplarında shertiledi?**
a) Skripka, violonchel, fortepiano; b) Dáp, baraban, litavra; c) Tanbur, duwtar, girjek.

**4. Klassikalıq qosıq (ashula) qanday boladı?**
a) 4 kupletten ibarat; b) Iri simfoniyalıq shıǵarma;
c) Úlken háwijli shıǵarma.

**5. Milliy klassikalıq qosıq (ashula) atqarıwshıların biz ne dep ataymız?**
a) Baqsı; b) Hofiz; c) Shoir.

**6. Shashmaqom qashan hám qaerde tolıq qáliplesken?**
a) XVIII ásirde Buxarada; b) XVI ásirde Samarqandta;
c) XVIII ásirde Tashkentte.

**7. Shashmaqom qanday mánini bildiredi?**
a) Klassikalıq qosıq (ashula); b) Altı maqom;
c) Altı saz.

**8. "Patnisaki ashula" dep qanday shıǵarmaǵa aytıladı?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

a) Katta ashula; b) Naqıratlı ashula; c) Lirik ashula.

**9. Surxandárya-Qashqadárya milliy saz-ásbapları qaysılar?**
a) Tanbur, duwtar, sırnay; b) Dombıra, qobız, sıbızǵı;
c) Awǵan rubabı.

**10. Katta ashula qaysı úlkeniń muzıka stilinde ushırasadı?**
a) Surxandárya–Qashqadárya; b) Ferǵana–Tashkent;
c) Buxara–Samarqand.

## KROSSVORD

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | M | | | | | | | |
| 2 | U | | | | | | | |
| 3 | M | | | | | | | |
| 4 | T | | | | | | | |
| 5 | O | | | | | | | |
| 6 | Z | | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | M | | | | | | |
| 8 | U | | | | | | |
| 9 | S | | | | | | |
| 10 | I | | | | | | |
| 11 | Q | | | | | | |
| 12 | A | | | | | | |

1. Ózbek klassikalıq muzıkasınıń eń jetik janrı.
2. Praktikada keń tarqalǵan shoq jáne 6/8 ólshemindegi dástiń (ritm) atı.
3. Ózbek xalıq saz-namasına bastakor I. Ikromov tárepinen sóz qoyılǵan belgili xalıq qosıǵı.
4. Milliy muzıka atqarıwshılıǵında jetekshi saz-ásbabı.
5. Ózbekistan Respublikası gimniniń avtorı.
6. Ózbek klassikalıq shayırası.
7. Ózbekistan Respublikasınıń muzıkalıq simvolı.
8. "Qaro kózim..." sózleri menen baslanatuǵın klassikalıq qosıq (ashula).
9. Xorezmge tán klassikalıq qosıqlardıń atı.
10. Shashmaqomnıń 6-maqomınıń atı.
11. Ózbek xalıq saz naması.
12. Ózbek xalıq dástanı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II SHEREK

## ZAMANAGÓY MUZÍKA HÁM ONÍŃ TIYKARǴÍ ÓZGESHELIKLERI

### *1-tema.* ZAMANAGÓY ÓZBEK MUZÍKASÍ



*Ataqlı kompozitor hám dirijyor Qurbanbay Zaretdinov*

Zamanagóy ózbek muzıkası degenimizde, házirgi kúnde atqarılıp atırǵan muzıka túrlerin túsinemiz. Olar janr boyınsha hár qıylı bolıp, eń ápiwayi muzıka úlgilerinen tartıp úlken kólemli sluǵarmalardı da óz ishine aladı. Demek bular xalqımızdıń folklor muzıkası, maqomlar, melodist dóretiwshilerdiń shıǵarmaları hám kompozitorlardıń zaman baǵıtına sáykes dóretken hár qiyli kólemdegi shıǵarmaları.

Sol muzıkalardıń arasında kompozitorlardıń dóretiwshiligi keń rawajlanıp, olar dóretken shıǵarmalar xalqımızdıń muzıka ıqlasbentleriniń arasına, keń tarqaldı. Dúnya muzıka mádeniyatınan orın alǵan opera, balet, simfoniya, oratoriya, kantata, muzıkalı drama, syuita, poema qusaǵan janrlarda jetik shıǵarmalar dóretildi.

Iri shıǵarmalar dóretken kompozitorlardan Muxtar Ashrafiy, Aleksey Kozlovskiy, Sulayman Yudakov, Mutal Burxanov, Ikram Akbarob, Rustam Abdullaev, Mustafo Bafoev, Mirsadıq Tájiev, Mirxalil Maxmudov, Georgiy Mushel, Sayfi Jalil, oratoriyadan tartıp balalar qosıqlarına shekem qálem terbetken kompozitorlar Shermat Yarmatov, Nadim Narxojaev, Alisher Ikramov, Dilorom Amanullaevalardı aytıp ótsek boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

◉ *A. Mansurovtıń “Moziydan sado” poema-fantaziyasın tıńglap, muzıkalıq filmdi tamasha qılıń.*

𝄞 Tómendegi namani 3/4 ólsheminde dirijyorlıq qılıp, notaların anıq, tegis hám saz dawısta aytıń.

**Ortasha tezlikte**



?! 1. Zamanagóy muzıka túrleri haqqında aytıp beriń.
2. Qanday janr hám shıǵarmalar dúnyanıń barlıq jerinde birdey qızıǵıwshılıq penen qabıllanadı?
3. Zamanagóy usılda shıǵarmalar dóretken qanday kompozitorlardı bilesiz?
4. Zamanagóy qosıqlar dóretken balalar kompozitorlarınan kimlerdi bilesiz?

## *2-tema.* ZAMANAGÓY MUZÍKA. QARAQALPAQ MUZÍKASÍ



Festivaldan kórinis

Hárbir dáwir óz rawajlanıw dárejesiniń negizinde óziniń ruwxıy álemine iye boladı. Qaraqalpaq xalıq muzıkası ádette bir dawıslı (monodiyalıq) muzıka kórinisinde biziń dáwirimizge kelip jetken. Respublikamızda professional muzıkaǵa oqıtıw baslanıp, muzıka mektepleri,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bilim jurtı, muzıkalıq teatrlar ashılǵannan keyin kóp dawıslı muzıkalıq shıǵarmalar rawajlana basladı.

Ótken ásirdiń 70-jılları xalqımızdıń birneshe talantlı jasları arnawlı bilim alıp kelip, dóretiwshilik islerin basladı. Bular, Najimaddin Muxammeddinov, Ǵayıp Demesinov, Dariko Jańabaeva, Saparbay Palwanov, Marqabay Jiyemuratov, Ulbiybi Abdullaeva hám taǵı basqalar.

N. Muxammeddinov birinshi qaraqalpaq operası «Ájiniyaz», balet «Ayjamal»dı, al Ǵ. Demesinov bolsa birneshe simfoniya, koncertler jazıp, saxnalarda qoyıldı. Sonday-aq, kompozitorlarımız xalqımız ǵáziynesin kóp sanlı koncertler, instrumental shıǵarmalar, romanslar, xorlar menen bayıttı.

*Ǵ. Demesinovtıń 1-simfoniyasınan úzindi, R.Abdullaev muzıkası, N.Narzullaev sózine jazılǵan "Mustaqillik lolalarimiz" qosıǵın, tıńlań.*



*"Ózbegimdan aylanay" D. Azamova sózi, G. Qoshqarova muzıkası.*




sof intervallar 1, 4, 5, 8. sifat intervallari 2, 3, 6, 7.

?!
1. Zamanagóy muzıka haqqında aytıp beriń.
2. Olardıń jáne qaysı qosıqların bilesiz?
3. "Ózbegimdan aylanay" qosıǵı qaysı ladta jazılǵan?
4. "Ózbegimdan aylanay" qosıǵın janlı, sózlerin anıq qılıp yadtan aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *3–4-temalar.* FOLKLOR MUZÍKASÍ HÁM DÁSTAN ATQARÍWSHÍLÍQ ÓNERI

Folklor muzıkası – bul milliy dástúrlerimizdiń muzıkadağı kórinisi desek boladı. Xalqımızdıń milliy baylıǵı bolǵan folklor miyrasın keleshek awladqa jetkeriw maqsetinde folklor ansambllerin dúziw zaman talabına aylandı. Házirge kelip hámme wálayatlarda folklor ansamblleri dúzilip, xalıqqa xızmet etip atır.

Muzıka miyrası arasınan keń orın alǵan folklor muzıkasınıń salt-dástúr, hár qiyli máresimlerine arnalǵan túrleri bar.

Háyyiw, lapar qosıqları, termeler, xalıq folklor muzıkasınıń negizgi janrlarınan esaplanadı.

Ózbek xalqınıń folklor muzıkasına dástanlardı atqarıw da kiredi.



Balalar folklor ansambli

Dástanlar Ózbekistanda eki baǵdar (jol) menen atqarıladı. Bular Xorezm hám Surxandárya-Qashqadárya jolları. Xorezmli baqsılar tar, garmon, dáp járdeminde aytsa, Surxandárya-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Qashqadárya baqsıları dombıra járdeminde tamaqtı qırıp, jırlap aytıw jolı menen atqaradı.

*Folklor ansambli atqarıwında nama tıńlań.*






## ÓZBEKISTON – JANNAT

*Dilshod Rajab* sózi — *Xurshida Hasanova* muzıkası

**Ortasha tempte**






Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




O‘g‘il-qizi yorug‘ yulduz,
Oyi bor uning.
O‘chmas izi, bosadigan
Toyi bor uning.

N a q a r o t


Genjexan apa Esimbetova

**Genjexan apa Esimbetova** qaraqalpaq folklor qosıqları jáne shıńqobız sazlarınıń sheber atqarıwshısı edi. Ol 1927 jılı Qanlıkól rayonında tuwıldı. Uzaq jıllar dawamında Shomanay rayonında ápiwayı jumısshı bolıp isledi. Ol atqarǵan “Aqsaq jorǵa”, “Muńlı qız” hám basqa birneshe shıńqobız sazları Qaraqalpaqstan milliy radiosınıń altın fondında saqlanıp kelmekte. 2000-jılı UNESKO ekspediciyası tárepinen Genjexan apadan kóp folklor qosıqları hám shıńqobız sazları jazıp alındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Folklor muzıkası.** Folklor muzıkası óz wazıypası hám de atqarılıw jaǵdaylarına qaray eki toparǵa bólinedi. 1. Belgili waqıtta hám belgili orında (jerde) ǵana atqarılıwı shárt bolǵan qosıqlar. 2. Qálegen jerde hám waqıtta atqarıla beretuǵın qosıqlar.

Birinshi toparǵa toy menen baylanıslı aytılatuǵın “Háwjar”, “Yar-yar”, “Bet ashar”, onnan basqa “Yaramazan” aytımları, miynet saltı menen baylanıslı “Aydar-aydar” hám taǵı basqa salt-dástúr jırları kiredi.

Ekinshi toparǵa túrli mazmundaǵı lirikalıq (“Pashshayı kóylegiń”, “Aqsuńgúl”, “Muńlı qız”, “Jeńgejan”), tariyxıy (“Boz-ataw”, “Shımbay”), házil-dálkek (“Gewishim”), násiyat (“Bolmasa”) qosıqları kiredi.



?! 1. Folklor muzıkası haqqında ne bilesizler?
2. Ózbek dástan atqarıwshılıq jolları haqqında aytıp beriń.
3. “Ózbekiston – jannat” qosıǵınıń avtorları kimler?
4. “Ózbekiston – jannat” qosıǵın birgelesip aytıń.

## *5-tema.* ESTRADA MUZÍKASÍ. BATÍR ZAKIROV HÁM “YALLA” TOPARÍ

Estrada muzıkası – bul jeńil xarakterdegi muzıka bolıp, túp-tamırı batıs elleri teatr tamashalarınan kelip shıqqan. Bul batısta keń tarqalǵan muzıka mádeniyatınıń tásirinde rawajlandı hám áste-aqırın jaz, Evropa hám Shıǵıs garmoniyası, ritmikası, rok, pop sıyaqlı baǵdarlar estradani iyelep aldı.

Ózbekistanda estrada muzıkası XX ásirdiń 50-jılları qáliplese basladı. Buǵan tanıqlı estrada juldızı Batır Zakirov tiykar saldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Yalla», «Paxtaoy», «Navo», «Sado» sıyaqlı estrada toparları payda boldı. Ásirese, 80–90-jıllardan baslap dúnya estrada atqarıwshılıǵına teń kele alatuǵın rok, rep gruppaları dúzildi.

Estrada muzıkası ǵárezsizlik jıllarında sapa jaǵınan ádewir ósti. Jaslar ushın keń imkaniyatlar jaratılǵanlıǵı úlken jetiskenliklerge alıp keldi. Nasiba Abdullaeva, Kumush Razzoqova, Yulduz Usmanova, Ravshan Komilov, Ozodbek Nazarbekov, Gulsanam Mamazoitova, Sevara Nazarxon, Maqset Ótemuratov, Gúlnara Monteeva, Aygúl Nadırova sıyaqlı atqarıwshılar qáliplesti. Olardıń dóretiwshiligi “Milliy estrada” degen túsinikke sáykes kelip, jaslar arasında óz ıqlasbentlerin taptı.

**BATÍR ZAKIROV** – ózbek estrada muzıkasınıń negizin salǵan, milliy estrada kórkem óneriniń biyik tulǵası edi. Ol ájayip qosıqshı, shayır, xudojnik, dramaturg hám rejissyor edi.



Estrada qosıqshısı Batır Zakirov



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

B.Zakirov Tashkent mámleketlik konservatoriyasında, Tashkent teatr hám súwretshilik institutında bilim alǵan.

Ol «Arab tangosı», «Habiba», «Rano», «Gazli», «Maftun boldım» sıyaqlı kóp sandaǵı qosıqları menen xalqımızdıń júreginen jay aldı.

B. Zakirov qosıq aytıw menen birge jas talantlılardı izlep tawıp, olarǵa jol-jorıq kórsetiwde kóp miynetler isledi.

**«YALLA» TOPARÍ.** Ózbek estrada muzıkasınıń maqtanıshı bolǵan «Yalla» ansambli 1971-jılı shólkemlestirildi. Ansambldiń dáslepki aǵzaları Batır Zakirovtıń shákirtleri bolǵan Teatr instituti hám konservatoriya studentlerinen ibarat edi. «Yalla» dáslep VIA (vokal instrumental ansambli) kórinisinde is baslap, Ózbekistanda birinshilerden bolıp estrada rok gruppalarınıń qatarınan orın aldı. Olarǵa kóp jıldan berli Farrux Zakirov basshılıq qılıp kelmekte. Ol «Yalla»ni professional dárejesine kóterdi.

Olardıń atqarǵan «Úshquduq», «Shayxana», «Mahbubam shıraylı», «Yallama yarım», «Ǵayra-ǵayra», «Qilpillama» sıyaqlı qosıqları ózbek estrada muzıkası ǵáziynesinen belgili orın aldı.



“Yalla” ansambli



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QARAQALPAQ ESTRADA MUZÍKASÍ



Ózbekistan Respublikasında xızmet kórsetken artist Aygúl Nadırova

Qaraqalpaqstanda estrada muzıkası ótken ásirdiń 80-jıllarınan baslap payda bola basladı. Birinshilerden bolıp Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik filarmoniyasınıń quramında «Qırıq qız» atındaǵı jámáát dúzildi. Dáslepki jılları ansamblge sazendeler basqa qalalardan shaqırılıp jumısqa alındı. Keyninen jergilikli sazendeler, qosıqshılar jetilisip ansambl tolıqtırıldı. Ansambldiń baǵdarlaması arnawlı buyırtpa berilip qaraqalpaq kompozitorlarınıń shıǵarmaları hám de qayta islengen xalıq namaları menen tolıqtırıldı. Ansamblde birinshilerden bolıp qosıqshılardan Xudaybergen Allayarov, Ótebay Temirxanov, Marjan Tilewmuratovalar kóp xızmet islegen. Sońǵı jılları estrada janrı keń rawajlanıp kóp ǵana xalqımız súyip tıńlaytuǵın qosıqshılar payda boldı. Bulardan Zamira Xojanazarova, Mırzagúl Sapaeva, Gúlnara Mónteeva, Maqset Ótemuratov, Aygúl Nadırova hám taǵı basqalar.

**ZAMIRA XOJANAZAROVA.** Qaraqalpaq estrada muzıkasınıń rawajlanıwına úlken úles qosqan jarqın juldızlardıń biri – Zamira Xojanazarova edi. Ol óziniń júdá qısqa ómiri dawamında xalqımızdıń júrek tórinen orın aldı. Dáslep ol «Qırıq qız» estrada ansamblinde, sońınan Qaraqalpaq mámleketlik filarmoniyasınıń simfoniyalıq orkestri quramında solist bolıp isledi. Ásirese onıń Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Teleradio komiteti janında dúzilgen «Oynasın» estrada ansambliniń solisti bolıp islegen jılları dóretiwshilik ómiriniń gúllegen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dáwiri boldı. Z. Xojanazarovanıń repertuarında kompozitorlar D. Jańabaevanıń «Shaǵalalar», S. Palwanovtıń «Hújdan» muzıkalı dramasınan ariya, Q. Hilalovtıń «Qaylarda ediń, muhabbat» qosıqları belgili orın iyeledi. Bunnan tısqarı estrada usılında qayta islengen «Ayralıq», «Adıńnan», «Kelte nalısh» sıyaqlı xalıq qosıqların júdá sheber atqarıp, tıńlawshılar qálbinen tereń orın aldı.

*B. Zakirovtıń atqarıwında "Arab tangosı" hám "Rano", "Yalla" ansambliniń atqarıwında "Shahrisabz", "Toshkentim", "Chayxana", Zamira Xojanazarova atqarıwında ("Tuwılǵan jer") qosıqların tıńlań.*

## TOLQÍN

*Sapar Xojaniyazov* sózi — *Japaq Shamuratov* muzıkası




2. Qolda oynap tilla sazı,
Kókke jetip xosh hawazı,
Hawaz benen jer gúńirentip,
Júrse aldında sárdarı.

N a q ı r a t ı :



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Estrada janrların parıqlay biliw.

Estrada óneriniń janr hám túrleri kóp. Baslı baǵıtı ekew, yaǵnıy estrada qosıqshılıǵı jáne saz atqarıwshılıǵı. Xalıq arasında keńnen tarqalǵan túrleri – rok, pop, rep, jaz dep ataladı. Hárbir túriniń óz forması, ózgeshelikleri hám atqarıwshılıq stili boladı. Rok – saldamalı, awır jol; pop – massalıq janr bolıp, túrleri kóp. Biz kúndelikli turmısta tıńlaytuǵın estrada qosıqlarınıń kópshiligi mine usı janrǵa dárek. Rep – jaslar arasında keń tarqalǵan, sózlerdi ritmikalıq ırǵaqlar menen oqıwǵa tiykarlanǵan janr.

?!
1. Ózbek hám qaraqalpaq estrada muzıkası qashan qáliplese basladı?
2. Sizler qanday estrada toparların bilesizler?
3. “Yalla” jáne “Miyras” ansambliniń xızmetleri haqqında nelerdi bilesiz?
4. “Tolqın” qosıǵın yadlań hám aytıń.

## *6-tema.* MUZÍKA BOYÍNSHA KÓRIK-TAŃLAW HÁM FESTIVALLAR

Milliy muzıka ónerin jáne de rawajlandırıw maqsetinde Respublikalıq hám xalıq aralıq kórik-tańlaw hám festivallar ótkeriw házirgi kúnde dástúrge aylanıp barmaqta. Mısalı, “Yagonasan, muqaddas Vatan”, “Barhayot an’analar”, Respublikalıq kórik-tańlawlar hár jılı turaqlı túrde ótkizilmekte.

Bunnan tısqarı Molla Toyshı Tashmuxammedov, Domla Halim Ibadov, Ma’murjon Uzaqov, Kamiljan Ataniyazov, Atajan Xudayshukurov, Ayımxan Shamuratova, Japaq Shamuratov sıyaqlı kórkem óner ǵayratkerleriniń yubiley sánelerine baǵıshlanǵan konkurslar bolıp ótip atır.

Folklor ansamblleriniń kórik-tańlawları, jıraw-baqsılardıń bellesiwleri de dástúrge aylanıp barmaqta.

Milliy klassikalıq muzıkaǵa baǵıshlap Samarqand qalasında ótkizilip kiyatırǵan Xalıq aralıq «Sharq taronalari» festivalı milliy muzıkamızdıń rawajlanıwında óz aldına orınǵa iye.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Festivallar hám kórik-tańlawlar baǵdarlamalarınan filmler tamasha qılıń (máselen, “Sharq taronaları” festivalı h. t. b.)*

*“Tolqın” qosıǵı. R. Tolib sózi, N. Narxojaev muzıkası.*

Tómendegi namaǵa dirijyorlıq qılıp, notaların anıq, tegis hám saz dawıs penen aytıń:

**Háreketsheń**



?! 1. Zamanagóy shıǵarmalar dóretetuǵın qanday kompozitorlardı bilesizler?
2. Ózbek hám qaraqalpaq zamanagóy muzıkası haqqında ne bilesizler?
3. Folklor muzıkasına tán baslı belgiler qaysılar?
4. Ózbek hám qaraqalpaq estrada muzıkasınıń tiykarın salǵan kimler? Olardıń qanday qosıqların bilesizler?
5. “Yalla” hám “Oynasın” topartarı haqqında soylep beriń.
6. Házirgi kúndegi qanday estrada qosıqshıların bilesizler?

## TEST JUMÍSÍ

**1. Zamanagóy muzıka degen ne?**
a) Folklor muzıkası, yallalar; b) Baqsılar óneri;
c) Házirgi kúnde atqarılatuǵın muzıka túrleri.

**2. Folklor muzıkası degende neni túsinemiz?**
a) Bastakorlar tárepinen dóretilgen shıǵarmalar;
b) Iri kólemli klassikalıq shıǵarmalar;
c) Kúdelikli turmıs penen baylanıslı xalıq muzıkası.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3. Folklor muzıkasına qanday janrdaǵı shıǵarmalar kiredi?**
a) Háyyiw, lapar, terme, qosıqlar;
b) Estrada baǵdarındaǵı qosıqlar;
c) Katta ashula, yalla, qosıqlar.

**4. Estrada sóziniń mánisi qanday?**
a) Teatr; b) Sıpa, tóbeshik; c) Qosıq.

**5. Ózbekistanda zamanagóy estrada muzıkasınıń tiykarın salıwshı kim?**
a) Nadim Narxojaev; b) Batır Zakirov; c) Shermat Yormatov.

**6. "Yalla" toparı qashan qáliplesken?**
a) 1971-jılı; b) 1970-jılı; c) 1974-jılı.

**7. "Yalla" toparı atqarǵan qosıqlar qaysı juwapta durıs kórsetilgen?**
a) "Chayxana", "Májnún tal"; b) "Rano", "Arab tangosı";
c) "Ózbekiston – jannat", "Rano", "Shahrisabz".

**8. Tómendegi folklor qosıqlarınan qaysı biri miynet procesi menen baylanıslı?**
a) "Charxim"; b) "Yar-yar" c) "Aq terek pe, kók terek".

**9. Qanday balalar folklor qosıqların bilesizler?**
a) "Boychechak", "Chamanda gul", "Aq terek pe, kók terek";
b) "Mayda-mayda", "Xosh'-xosh", "Charxim";
c) "Yar-yar", "Kelin salom".

**10. Qaraqalpaqsha samal shaqırıw qosıǵı ne dep ataladı?**
a) "Háwjar"; b) "Aydar-Aydar"; c) "Túlkishek".



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## KROSSVORD




1. Zamanagóy muzıka dóretiwshisi.
2. Ózbek kompozitorı.
3. Iri muzıkalıq janr.
4. Eki tarlı ózbek milliy muzıka saz-ásbabı.
5. Muzıkanıń jazıw belgisi.
6. 1971-jılı is baslaǵan ózbek vokal ansambli.
7. Xalıqlar doslıǵın bekkemlewge xızmet etetuǵın mereke.
8. Orkestrdi basqaratuǵın adam.
9. Dáslepki balalar estrada vokal ansambli.
10. Iri kólemdegi saxnalıq shıǵarma.
11. “Yalla” toparınıń qosıǵı.
12. B. Zakirov atqarǵan belgili estrada qosıǵı.
13. “Yalla” toparınıń qosıǵı.
14. Xorezm baqsıshılıǵında keń qollanılatuǵın saz-ásbabı.
15. Xalıq muzıka dóretiwshiligi ne dep ataladı?
16. Ózbeklerde muzıka dóretiwshisin ne dep ataydı?
17. Jaslar arasında keń tarqalǵan zamanagóy muzıka túri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III SHEREK

## SHÍǴÍS XALÍQLARÍNÍŃ KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

### *1-tema:* SHÍǴÍS ÍRǴAQLARÍ

Shıǵıs xalıqlarınıń klassikalıq muzıkası burınnan bir-biri menen tıǵız baylanısta bolıp, rawajlanıp kelgen. Bulardıń bir-birine uqsaslıǵında maqomlardıń ornı girewli boldı. Orta hám Jaqın Shıǵıs xalıqlarınıń muzıkasınıń ladları, shertiw, aytıw usılları, notadaǵı bezewleri, namalarındaǵı ırǵaqları bir-birine uqsas bolıp keledi.

Samarqand qalasında dástúrge aylanıp ótkerilip atırǵan usı festival xalıqlardı muzıka járdeminde bir-birine jaqınlastırıw, doslıǵıń bekkemlew, klassikalıq muzıkalarına zamanǵa sáykes mazmun beriw maqseti qoyılǵan.

Bul festival UNESKO hám muzıka boyınsha Xalıq aralıq Keńes tárepinen tastıyıqlanǵan hám onda ózbek, tájik, túrkmen, qazaq, qırǵız, ázerbayjan, awǵan, iran, túrk, arab, qıtay, yapon hám basqa da millet xalıqları óziniń kórkem óneri hám de klassikalıq muzıkaları menen qatnasadı.

*D.Amanullaevanıń Usman Azim sózine jazǵan «Sharq taronasi» festival gimnin tıńlań.*

**SHARQ TARONASI**

*(Festival gimni)*

*Usman Azim* sózi — *Dilaram Amanullaeva* muzıkası





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Jo‘r bo‘lgin insonga musiqa – qanot,
Qo‘shiqdan ko‘ngillar bo‘lg‘usi bunyod.
Qo‘shiqda o‘rtangan tilaksan, o Sharq!
Jumlai jahonga yuraksan, o Sharq!

N a q a r o t :

Salom, Samarqand – Sharq darvozasi,
Taral jahonga – Sharq taronasi!

Tómendegi namaǵa dirijyorlıq qılıp, notaların anıq, tegis hám saz dawıs penen aytıń:





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

?! 1. «Sharq taronalari» festivalı haqqında nelerdi bilesiz?
2. «Sharq taronalari»nıń wazıypası hám áhmiyeti haqqında aytıp beriń.
3. «Sharq taronalari» festivalında qaysı millet muzıkashıları óz ónerin kórsetedi?
4. Usı tema boyınsha test sorawların dúziń.

## *2-tema:* TÚRK HÁM ÁZERBAYJAN XALÍQLARÍNÍŃ KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Túrk muzıkası Orta Aziya xalıqları, ásirese ózbek xalqınıń muzıkasına kútá jaqın sanaladı. Túrk muzıkasınıń negizgi janrı «maqom» dep ataladı hám tómendegi bólimlerden ibarat – taqsim, kor, basta hám t.b. Túrk maqomların atqarǵanda zurna, baǵlama, saz, kamansha, tanbur, qonun, ud, sumbut, doira, dáp sıyaqlı milliy xalıq ásbapları shertiledi. Túrklerde diniy máresim janrlarınan azan, tajvid, mavlaviy oyın, zikr hám basqalar keń qollanıladı.

Zamanagóy túrk estrada muzıkası óziniń milliyligi, oyın namaları menen dúnyaǵa tanılǵan.


Zurna


Dáp


Soz

Darabuka




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ázerbayjan xalqı túrkiy xalıqlar toparına kiredi. Óziniń uzaq ótmishin hám milliy qádriyatına iye xalıq. Ázerbayjan xalqı óziniń turmıs jaǵdayına, milliy dástúrlerine tiykarlanǵan janrlarǵa bay mádeniy miyrasına iye. Qosıqlarınıń melodiyaları ırǵaqlarǵa bay, muǵamları erkin atqariladı. Ázerbayjan xalqı, saz ásbaplarǵa oǵada bay. Bular duduk, zurna, balabon, kemansha, saz, tar, dáp, naǵara, bala-naǵara, dumbul sıyaqlı saz ásbapları keń taralǵan.

*Túrk hám ázerbayjan xalıq namaların tıńlań.*

*“Sharq taronasi” (festival gimni). U. Azim sózi, D. Amanullaeva.*

Tómendegi namanı anıq, tegis hám saz dawıs penen aytıń:

**GIZIL GUL**

*(Ázerbayjan xalıq qosıǵı)*

**Ortasha tezlikte**



?! 1. Túrk xalıq muzıkası haqqında nelerdi bilesiz?
2. Ázerbayjan xalıq muzıkası hám saz-ásbapları haqqındashe?

## *3-tema:* TÚRKMEN XALÍQ KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Túrkmenstan Orta Aziya xalıqları arasında áyyemgi tariyxqa iye bolǵan mámleketlerden biri esaplanadı. Onıń uzaq ótmishine múnásip bay qádiriyatları hám milliy dástúrleri bar. Túrkmenstannıń dúnyaǵa belgili jáne bir sebebi –



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Túrkmen ansambli

bul eldiń ústinen «Ullı jipek» jolınıń ótkenligi, esteliklerge bay Marı qalasınıń bul mámlekette jaylasqanı. Basqa xalıqlar sıyaqlı túrkmenlerde óziniń folklorlıq hám milliy klassikalıq muzıkasınıń kópligi menen xarakterlenedi.

Xalqına keń tarqalǵan muzıka úlgileri – bul «Huvdi» (besik jırı), «Yaǵısh yaǵara keldi» (balalar qosıǵı), «Yar-yar» usaǵan kóp qosıqlardı aytıw múmkin.

Túrkmen klassikalıq muzıkasınıń negizgi janrı–bul dástanlar, kórkem ádebiyat úlgilerinen paydalanǵan qosıqlar bolıp esaplanadı. Epik janrlardı atqarıwshılardı «Bagshı» dep ataydı. Olardıń eń áyyemgi dástanları – bul «Óǵuznoma» dep ataladı. Bunnan basqa «Góroǵh», «Ashıq Ǵarib hám Shahsanam», «Aslı hám Káram» sıyaqlı dástanları bar.

Muzıka ásbaplarınan: ǵırjek, duwtar, túydúk, dilli túydúk hám qobızlar.

*“Zóhrejan” xalıq naması.*



Qish- da kish-mish pish-mas-mish, pish-sa kish-mish qish-mas-mish



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## GUSHLAR

*Veli Ahmedov* muzıkası
*Shermat Yormatov* balalar
xorı ushın qayta islegen








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Gish sovuldi, bahar geldi,
Salkin bagi gekoldi.

N a q a r o t :

Gelin gushlar, sayrang gushlar,
Yashil baga yayrang gushlar.

Gayduk bezep jaynizi,
Gayduk dene paynizi.

N a q a r o t :

Gelin gushlar, sayrang gushlar,
Yashil baga yayrang gushlar.

Tómendegi namanı dirijyorlıq qılıp, notaǵa qarap aytıń:

## ZÓHREJAN

*Túrkmen xalıq sazı*

**Tez, janlı**
♪ = 192





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



?! 1. Túrkmen xalıq muzıkası haqqında aytıp beriń.
2. Túrkmen muzıkalıq saz-ásbaplarınan qaysılardı bilesiz?

## *4–5-temalar:* QAZAQ HÁM QÍRǴÍZ XALÍQLARÍNÍŃ MILLIY KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ



Qazaq, qırǵız xalıqları óziniń tili, úrip-ádeti, mádeniyatı hám milliy muzıkaları menen bir-birine kútá jaqın xalıqlar. Qazaqlar qosıqtı «án», «óleń» – dese, qırǵızlar «ir» dep ataydı.

Negizgi ásbapları: qazaqlarda dombra, qobiz bolsa, qırǵızlarda qomuz dep ataladı. Qomuz dombıraǵa qusaǵan ásbap bolıp, úsh tarlı, perdelersiz boladı.

Dástanları qara sóz hám óleń (qosıq) aralastırılıp aytıladı. Ataqlı qazaq dástanı «Qız Jibek» bolsa, qırǵızlardıń dástanı «Manas».

Axmet Jubanovtıń jazǵan «Biy kúyin» dombırada esitkende kóz aldıńa qazaqtıń keń dalasın esletedi.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





**Qırǵız xalıq muzıkası.** Qırǵız muzıkasında qosıq janrınıń jalpı atı “Ir” dep ataladı. Sol sebepli bul atama hár túrli jaǵdaylarda jáne dástúrler menen baylanıslı bolǵan aytımlarǵa qollanıladı. Bul jerde miynet, salt-dástúrleri, turmıslıq, lirikalıq xarakterdegi jáne násiyat túrindegi qosıqlardı aytıp ótiw orınlı boladı.

Qırǵız mádeniyatında dástan atqarıwshılıq júdá jaqsı rawajlanǵan. Qırǵız dástanları kóinese qaharmanlıq mazmunǵa iye bolıp keledi. Ásirese, “Manas” haqqıdaǵı dástanlar toparı úlken áhmiyetke iye.

Dástan atqarıwshıların “manaschı”, geyde “aqın” dep ataydı.

Muzıkalıq saz-ásbapları onsha kóp emes. Tiykarınan tarlı ilip shertiletuǵın komuz, tarlı tartqıshlı qılqıyaq, úplemeli choor jáne shıńqobız saz-ásbapları keń qollanıladı.

Qırǵızdıń kompozitorlıq óneri de milliy baǵıtta rawajlanıp kelmekte.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Qомуз



Shıńqobız



Dombıra



Qobız

*Qazaq hám qırǵız xalıq muzıkasınan úlgiler tıńlań.*

Tómendegi namanı dirijyorlıq qılıp, notaǵa qarap aytıń:



?! 1. Qazaq xalqı mádeniyatı jaǵınan qaysı xalıqqa jaqın keledi?
2. Qazaq xalıq muzıkasında qanday janrlar qáliplesken?
3. Qırǵız xalıq muzıkasına tán ózgesheliklerin aytıp beriń.
4. Qırǵız xalıq saz-ásbapları haqqında aytıp beriń.

## *6-tema:* SHÍǴÍS XALÍQLARÍNÍŃ KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍNDAǴÍ UQSASLÍQLAR

Shıǵıs xalıqları ázelden bir-biri menen siyasiy, turmıs jaǵdayları hám sawda-satıq jolları menen qatnasıp kelgen. Hárbir xalıqtıń ózinshe salt-dástúrleri, dástanları, saz-ásbapları, saz shertiw, qosıq aytıw jolları bolǵan. Biraq olardıń atqarıwlarında, muzıka-qosıqlarında xalıqlardıń dástúr qosıqlarında bir-birine uqsaslıq bolǵan. Mısalǵa ózbek-tájik xalıqlarınıń maqomları Ázerbayjanlarda – muǵam, hindler-de – raga, maǵrib, arablarda – nuba dep atalıwi uqsaslıqtıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dálilleriniń biri bolıp sanaladı. Shıǵıs xalıqlarınıń saz ásbaplarınıń atlarıda bir-birine únles keledi. Mısalǵa rubap ásbabı – rebaba, rebab, tanbur ásbabı – tambura, tampura degen atamalarǵa iye. Sonday-aq urma ásbaplar, úplep shertetuǵın ásbaplardıńda atlarında uqsaslıq kóp.



Shıǵıs xalıqlarınıń saz-ásbaplarında da kóp uqsaslıqlar bar. Olardan biri, rubab ótmishte Shıǵıs xalıqlarında rebaba, rabab kórinisinde keń tarqalǵan. Bunday mısallardı kóp keltiriwge boladı.

Shıǵıs xalıqlarınıń turmıs jaǵdayları, úrip-ádetleri, kásibi-kári bir-birine uqsas bolǵanlıǵı sebepli hámme tárepten bir-birine uqsaslıq kelip shıqqan.



## DÓSTLAR KUYLAYDI

*Ibrohim Jiyanov* sózi | *Xurshida Xasanova* muzıkası

**Órtasha tezlikte**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Men bugun do‘stlarim davrasida,
Kelajak sari intilaman.
Orzu-umidlar qanotida,
Olam sirlarin o‘rganaman.
Shirin hayollarga o‘xshab,
Ketadi bolalik.

*Shıǵıs xalıqları muzıka miyrasınan úlgiler tıńlań.*

Tómendegi namanı dirijyorlıq qılıp, notaǵa qarap aytıń:



1. Klassikalıq muzıkadaǵı uqsaslıqlar haqqında aytıp beriń.
2. Maqomlar sistemasında shıǵarmalardıń birgelki atları ne delinedi?
3. Shıǵıs xalıqlarınıń uqsas saz-ásbaplarınıń atların aytıń.

## *7-tema:* ZAMANAGÓY QARAQALPAQ MUZÍKASÍ HÁM ONÍŃ JANRLARÍ

Házirgi zaman qaraqalpaq muzıkası 1940-jıllardan baslap rawajlana basladı. Buǵan sebep arnawlı muzıka



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mekteplerinińashılıwı qaraqalpaq milliy muzıkalı teatrdıń shólkemlesiwi, mámleketlik radio komitetiniń qasınan ansambl shólkemleskenligi, milliy kadrlardıń arnawlı bilimge iye bolıp kelgenlikleri úlken rol atqardı. Á. Sultanovtıń basshılıǵında mámleketlik filarmoniyanıń qasınan xalıq saz ásbaplar orkestriniń ashılıwı qosıqshılıq janrınıń rawajlanıwına úlken túrtki boldı.

Ótken ásirdiń 50-jılları mámleketlik teatrda A.Xalimovtıń basshılıǵında simfoniyalıq orkestr shólkemlestirildi. Melodist kompozitorlar kóp sandaǵı shıǵarmalar dórete basladı. Bulardan J. Shamuratov, X. Turdıqulov, A. Qayratdinov, Á. Sultanov, Roman Sultanov, K. Abdullaev, Ǵ. Amaniyazovlar kóp ǵana namalar dóretti.

Kompozitorlar awqamı dúzilip, oǵan Á. Sultanov basshılıq etti. Keyingi jılları arnawlı kompozitorlıq bilim alǵan talantlı jaslar kelip, zamanǵa say shıǵarmalar dórete basladı. Xalqımızdıń muzıka ǵáziynesinen kompozitorlardan Ǵ. Demesinov, N. Muxammeddinov, S. Palwanov, M. Jiyemuratov, D. Jańabaevalardıń kóp sandaǵı qosıqları, simfoniyaları, opera hám koncertleri orın aldı.

## DÁRYASAŃ

*Sadıq Nurımbetov* sózi

"Sanalı keldi" naması
Qayta islegen *Ǵ. Dewesinov*






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*Ǵ. Demesinovtıń simfoniyasınan úzindi tıńlań.*

?! 1. Zamanagóy qaraqalpaq muzıkasınıń rawajlanıw jolların aytıp beriń.
2. Qaysı melodist kompozitorlardı bilesiz?
3. Kompozitorlardıń sońǵı jıllardaǵı dóretpelerin aytıń.
4. Ǵ. Demesinov qayta islegen «Dáryasań» qosıǵın tıńlap, úyreniń.

## *8-tema:* **SAPARBAY PALWANOV (1937–1999)**

Saparbay Palwanov 1937-jılı Qońırat rayonında tuwılǵan. Jaslayınan muzıkaǵa qızıǵıp Saparbay Túrkmenstannıń Tashawız qalasında muzıka mektebin, soń Ashxabad mámleketlik muzıka bilim jurtınıń xor dirijyorlıq bólimin pitkeredi.

1961-jılı Leningrad mámleketlik konservatoriyasın tamamlap, Nókis mámleketlik muzıka bilim jurtına oqıtıwshı bolıp keledi. Sonıń menen qatar Stanislavskiy atındaǵı teatrda xormeyster bolıp isleydi.

S. Palwanov Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutı studentlerinen xor jámáátin shólkemlestirip, sol jámáát penen 1969-jılı Tashkentte ótken qaraqalpaq mádeniyatı hám ádebiyatı kúnlerine qatnasıp, óziniń birinshi shıǵarmalarınan bolǵan a kapella xorları: «Dala ármanları», X.Turdıqulovtıń «Gúlistan» qosıǵın xor ushın qayta islep, sheberlik penen atqardı.

Kompozitordıń dóretiwshilik dáwiri mámleketlik teatrdıń bas dirijyorı bolıp islegen waqtına tuwra keledi. Birneshe muzıkalı dramalardıń avtorı. Olardan «Tiklengen tuw» (T. Ju-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mamuratov), «Mıńlardıń biri» (M. Dáribaev), «Adamlar qalay buzılǵan» (S. Jumaǵulov). "Jalańash korol", "Ayaz baba, Santa Klaus hám qaraqshılar". 1981-jılı Berdaq atındaǵı mámleketlik filarmoniyanıń quramında simfoniyalıq orkestr dúzip, onıń bas dirijyorı bolıp isledi.

Kóplegen xorǵa arnalǵan shıǵarmalardıń avtorı. «Aralım», «Watan», «Respublikam», «Soldat antı», «Qaraqalpaqstan», «Erkinlik samalı» hám t.b. Ózbekistanǵa miyneti sińgen, Qaraqalpaqstan xalıq artisti. Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı.

### «BOZATAW» SIMFONIYALÍQ POEMASÍ

Poema Ájiniyaz shayırdıń Bozataw qosıǵınıń tiykarında jazılǵan. Xalıq naması sheberlik penen qayta islengen.

Poema úsh bólimnen ibarat. Sol minor tonallıǵında jazılǵan. Kiris bólimi qosıqtıń temasınan alınǵan.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Poemanıń birinshi bóliminde Bozataw naması tolıq shertilip, kem-kemnen bayıtılıp barǵan. Tarh, aǵashtan, mıstan islengen úplep shertetuǵın ásbaplardıń atqarıwında nama ayrıqsha túr alǵan.





Ekinshi bólim qurama bolıp eki bólimsheden dúzilgen. Birinshisi 6/8 ólsheminde re minor tonallıǵında jazılǵan. Onda xalıqtıń oǵada awır turmısı tarlı hám aǵash-úplemeli ásbaplardıń atqarıwında súwretlengen.



II bólimde eldi basıp alǵan jawlardıń temaları anıq kórsetilgen. Bólimniń sońında basqınshılardıń ústem kelgenligin, olardıń shadlıǵı shaqqan tempte 5/8 ólsheminde berilgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




Poemanıń III bólimi eki bólimsheden ibarat. Birinshisinde Bozataw teması qaytalanǵan. Ekinshisinde:

«Ásir bolıp telmirisip aǵalar,

Yıǵlap at aldına tústi Bozataw», – degen tutqınlar toparın súwretleydi.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*S. Palwanovtıń «Bozataw» simfoniyalıq poemasın tıńlań.*

?!
1. S. Palwanovtıń ómiri haqqında aytıp beriń.
2. S. Palwanov qanday jumıslarda islegen hám qanday shıǵarmalar jazǵan?
3. «Bozataw» poeması ne haqqında?

## *10-tema:* QARAQALPAQ JÍRAW-BAQSÍLARÍ

## QIYAS JÍRAW QAYRATDINOV (1903–1974)

Jırawlar xalıqtıń kóp ásirlik tariyxın bizge jetkergen poetikalıq hám muzıkalıq kórkem óneriniń tiykarǵı dóretiwshileri hám atqarıwshıları bolıp esaplanadı.

Xalqımızdıń belgili jırawlarınıń biri Qıyas Qayratdinov 1903-jılı Shımbay rayonınıń Keńes awılında tuwıladı. Dosımbet degen diyqannan qobız shertip, qosıq aytıwdı úyrenedi.

Dosımbetten «Ormanbet biydiń tolǵawın», «Posqan el», «Ullı tolǵaw», «Kishi tolǵaw» namaların úyrenedi. Toy-jiyınlarda birneshe márte Nurabulla, Dilim, Paleke, Seyfulla,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ábdirasul, Erpolat jırawlardıń qobız shertip dástan jırlaǵanların esitedi. Solarǵa erip geyde toylarda bul da jırlaytuǵıń boladı. Ózine ustaz izlep kóp sergizdanlıqtan keyin, Seyfulla jırawǵa keledi. Seyfulla jırawdan «Dúysenbay tolǵaw», «Erman nama», «Tolqın nama» usaǵan 22 nama úyrenedi. Onnan keyin Seyfulla jırawdıń shákirti Begmurattan 18 ay dawamında «Alpamıs», «Edige», «Amanbay» dástanların úyrenip aladı. Sóytip Begmurat Qıyasqa “endi sen haqıyqıy jıraw boldıń”, – dep pátiya beredi.

Qıyas jıraw barlıǵı bolıp 20 ǵa jaqın dástan biler edi. Olar: «Alpamıs», «Bozuǵlan», «Qırıq qız», «Qurbanbek», «Gúlistan», «Amanbay batır», «Máspatsha» hám taǵı basqalar.

Kóp jıllıq miyneti ushın oǵan «Qaraqalpaq xalıq jırawı» húrmetli ataǵı berildi.

## GENJEBAY BAQSÍ TILEWMURATOV (1929–1997)

Genjebay Tilewmuratov 1929-jılı Moynaq rayonında baqsı shańaraǵında tuwılǵan.

Ákesi Tilewmurat, jigit aǵaları Qazaqbay, Dáwletbaylar xalıqqa tanılǵan baqsı bolǵanlıǵı sebepli, Genjebay da baqsıshılıq ónerin tez meńgerip aldı. Bolajaq baqsıǵa ákesi Tilewmuratqa kelip turatuǵın úlken baqsılar Esjan, Japaq, Qurbaniyaz baqsılar, qońıratlı baqsılar Orınbay hám Jańabaylardıń úyinde jıynalısıp qosıq-dástan aytqanları kóp tásir qıldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Genjebay baqsı (solda) qosıq atqarmaqta

Genjebay ákesinen «Yusip-Axmet», «Qırmandáli», «Sayatxan-Hámra» dástanların úyrendi.

1957-jılı Tashkentte Ózbekistan jaslarınıń olimpiadasına qatnasıp, «Láy-láy», «Muwsa sen yarı» qosıqları ushın I dárejeli diplom aldı.

Baqsıshılıq miynetleri ushın oǵan 1969-jılı «Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen mádeniyat ǵayratkeri», 1977-jılı «Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı» húrmetli ataqları berildi.

*Jıraw hám baqsı namalarınan úlgiler tıńlań.*

?!

1. Qaraqalpaq kórkem ónerinde jırawlardıń ornı haqqında aytıp beriń.
2. Qıyas Qayratdinov haqqında sóylep beriń.
3. Jırawlar aytqan qanday dástanlardı bilesiz?
4. Genjebay Tilewmuratov ómiri hám dóretiwshilik islerin aytıń.

## TEST JUMÍSÍ

**1. Samarqandta hár eki jılda bir ótkeriletuǵın festival qashan baslanǵan hám qalay ataladı?**

a) 2000-jılı, "Baysun báhári"; b) 1997-jılı, "Sharq taronalari"; c) 2000-jılı, "Máńgilik dástúrler".

**2. Boǵlama – qaysı xalıqtıń saz-ásbabı?**

a) Túrk; b) Qazaq; c) Hind;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**3. Túrkmenlerde "Háyyiw" sózi qalay aytıladı?**
a) Alla; b) Jiji; c) Húvdi.

**4. Iran milliy klassikalıq muzıkasınıń baslı janrın tabıń.**
a) Dastgoh; b) Raga; c) Maqom.

**5. "Sharq taronalari" qanday festival?**
a) Xalıq aralıq kino festivalı; b) Xalıq aralıq muzıka festivalı;
c) Balalar festivalı.

**6. Qırǵızlarda qosıq janrı ne dep aytıladı?**
a) Manas; b) Ir; c) Qomuz.

**7. Qıl qıyaq – qaysı xalıqtıń saz-ásbabı?**
a) qırǵız; b) túrkmen; c) arab;

**8. Ózbeklerde "Háyyiw" sózi qalay aytıladı?**
a) Húvdi; b) Jiji; c) Alla.

**9. Raga janrı qaysı xalıq muzıkasına tán?**
a) túrk; b) yapon; c) hind.

**10. Belgili qazaq xalıq dástanı.**
a) "Manas"; b) "Qırıq qız"; c) "Qız Jibek".

## KROSSVORD






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Iran hám Ázerbayjan milliy klassikalıq muzıkasınıń úlgisi.
2. Qazaq xalqında eki adam arasında aytılatuǵın janr.
3. Hindler maqomlardı ne dep ataydı?
4. Belgili qırǵız xalıq dástanı.
5. Áyyemgi qıtay dinastiyası.
6. Hind hám iranlıqlardıń sháń tárizli saz-ásbabı.
7. Túrkmen xalıq dástanlarınan biri.
8. Túrk hám ázerbayjan xalıq saz-ásbabı.
9. Shıǵıs xalıqlarınıń sırnay tárizli saz-ásbabı.
10. Yapon muzıkalı teatrı.
11. Túrkmen xalıq qosıǵı.
12. Iran muzıkasınıń jetekshi janrı.
13. Ózbek hám tájik milliy klassikalıq muzıkasınıń baba wákili.
14. “Qosıq” qırǵızlarda ne dep ataladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV SHEREK

## EVROPA KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ HAQQÍNDA TÚSINIK

### *1-tema:* EVROPA KLASSIKALÍQ MUZÍKASÍ

Evropa klassikalıq muzıkasınıń opera, kantata, oratoriya, balet, syuita, simfoniya, uvertyura, sonata sıyaqlı kóp dawıslı janrdaǵı muzıkalıq shıǵarmalarınıń úlgisi Orta ásirlerde payda bola basladı. Sol waqıttan beri bunday shıǵarmalardı doretiwshiler óz zamanınıń talaplarına, úrip-ádetlerine sáykeslestirip, kele-kele házirgi dáwirdegi dárejesine keltirdi.

Opera – XVI ásirdiń aqırında Italiyada payda boldı. Olar tariyxıy qaharmanlıq, tariyxıy-romantik, epik, ápsanalıq, lirikalıq, dramalıq hám basqa da temalarda jazıldı.

Kantata hám oratoriyalar da operalar menen bir dáwirde payda boldı.

Bular jeke qosıqshı, xor, orkestr ushın jazılǵan kóp bólimlerden ibarat shıǵarmalar bolıp sanaladı.

Balet – francuzshadan alınǵan sóz bolıp, «oyınǵa túsemen, oynayman» degen mánini bildiredi. Francuz kompozitorı J. B. Lyulli balettiń birinshi úlgilerin jazǵan.

Simfoniya – XVIII ásirde payda bolıp, tez arada dúnyaǵa tarap ketken. Betxoven, Mocart, Shubert, Chaykovskiy, Borodin sıyaqlı klassikalıq kompozitorlar simfoniyanıń klassikalıq úlgilerin jarattı.

Evropa klassikalıq muzıkasında «ballada», «sonata», «prelyudiya», «kvartet» sıyaqlı muzıka janrları payda boldı.

Evropa klassikalıq muzıkasında “organ” namaları ayrıqsha orınǵa iye. Hawa járdeminde shertiletuǵın bul klavıshli ásbap ushın I. S. Bax, Gendel sıyaqlı kompozitorlar shıǵarmalar jazdı. Bul janrlar ózbek muzıkasına XX ásirden baslap kirip keldi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ELIZAǴA

*Lyudvig van Betxoven* muzıkası

**Tez**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Kantata – jeke qosıqshılar, xor hám orkestr ushın jazılǵan iri vokal-simfoniyalıq janr. Onda shıǵarmanıń mazmunı ariya, ansambl, xor jáne saz namaları arqalı ashıp beriledi.

Oratoriya – kantata sıyaqlı jeke qosıqshılar, xor hám simfoniyalıq orkestr ushın jazılǵan kóp bólimli shıǵarma. Ol dramalıq shıǵarma bolıwına qaramastan teatr saxnasında emes, al koncert saxnasında atqarılıwǵa mólsherlengen.

Balet – birneshe muzıkalıq janrlardı óz ishine qamtıǵan iri sintetikalıq muzıkalıq saxnalıq shıǵarma. Balette shıǵarmanıń mazmunı muzıka hám oyın (xoreografiya) qurallarınıń járdeminde, yaǵnıy, oyın, plastikalıq háreketler, kostyum, saz muzıkası arqalı kórsetiledi.

?!
1. Kóp dawıslı muzıka janrlarınan qaysılardı bilesizler?
2. XVI ásirdiń sońında Italiyada payda bolǵan operalar qanday temalarda jazılǵan? Opera jazǵan qaysı kompozitorlardı bilesizler?
3. Kantata, oratoriya, balet janrları haqqında aytıp beriń.
4. Simfoniya qashan payda bolǵan hám de simfoniya jazǵan qaysı kompozitordı bilesiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *2-tema:* VOLFGANG AMADEY MOCART



Volfgang Amadey Mocart
*(1756–1791)*

Shet el kompozitorlarınıń ishinde dúnyaǵa jaslıǵınan belgili bolǵan Volfgang Amadey Mocart 1756-jılı 27-yanvarda Avstriyanıń Zalsburg qalasında saray kompozitorı hám organshısı Leopold Mocart shańaraǵında dúnyaǵa keldi.

Ol 3 jasınan baslap muzıkaǵa qızıǵıp apası Annanıń klavesinde shertken muzıkaların bir esitkennen qátesiz shertip bere alar edi. Bunı sezgen ákesi Leopold oǵan ustazlıq etip, úyrete baslaydı. 6 jasqa kelip klavesinde jaqsı oynap, óziniń kishi shıǵarmaların jarata baslaydı.

7 jasta, 12 jasar apası Anna menen birge Franciya koroliniń sarayi Versalda koncert beredi. Aldın apası menen 4 qolǵa jazılǵan shıǵarmalardı shertip, sońınan skripkada birneshe shıǵarmalardı shertip, tıńlawshılardıń alǵısına miyasar boladı.

Sarayǵa jıynalǵan miymanlar Volfrang penen qızıǵıp, oǵan hár qıylı tapsırmalar berip, teksere baslaydı. Burın kórmegen notalardı birden sheberlik penen shertedi. Basqa sazende bir márte shertken namanı kózi baylanǵan halda múltiksiz qaytalap shertip berip hámmeni hayran qaldıradı. Onıń atı basqa qalalarǵa jayılıp, Vena, Parij, London, Gana, Bryussel, Jeneva sıyaqlı qalalarda koncert beredi. Atası Leopold balasına muzıka jazıw sırların úyrete baslaydı. Nátiyjede 8 jasar Mocarttıń shıǵarmaları Parijde kitap bolıp shıǵadı. Ol 12 jasında óziniń birinshi operasın jazadı.

Atası menen Italiyada bolıwı jas Mocarttıń ómirinde úlken burılıs boladı. Italiyanıń bay muzıka mádeniyatı oǵan úlken



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tásirin tiygizedi. Italiyanıń ataqlı kompozitorı Padre Martini oǵan kompozitorlıqtan sabaq beredi. Oqıwdıń sońında sınawdan tabıslı ótip, 14 jasar Mocart Bolonya Muzıka akademiyasınıń húrmetli aǵzası diplomın aladı.

Mocart áwladlarǵa «Figaronıń úyleniwi», «Sıyqırlı fleyta» operaların, kóp sanlı simfoniya, fortepiano ushın shıǵarmalar, sonata, koncertler, xor ushın shıǵarmalar qaldırdı.

Dúnya júzi xalıqları Mocart qaldırǵan altın miyras muzıkaların úyrenedi hám súyip tıńlaydı.

⦿ *Mocarttıń "Báhár saǵınıshı" jáne basqa shıǵarmalarınan tıńlań.*

## BÁHÁR SAǴÍNÍSHÍ

*A.Overder* sózi — *V. A. Mocart* muzıkası

*Safar Barnoev* awdarması






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

?! 1. V. Mocart neshe jasınan baslap muzıka jaza basladı?
2. Onıń apası Anna menen bergen koncertleri haqqında aytıp beriń.
3. V. Mocart óziniń birinshi operasın neshe jasında jazǵan edi?
4. Mocarttıń tereń bilim alıwı ushın qanday imkaniyatlar jaratılǵan edi?
5. Mocarttıń Padre Martinige shákirt bolǵanı hám Bolonya muzıkalıq akademiyasınıń húrmetli aǵzası bolǵanlıǵı haqqında aytıp beriń.

## *3-tema:* SIMFONIYA HAQQÍNDA TÚSINIK

Simfoniya kóplegen saz ásbapların birgelikte qosılıp shertetuǵıń muzıkalıq shıǵarması esaplanadı.

Simfoniyalardı ádette simfoniyalıq orkestr atqaradı. Geyde oǵan xor hám jeke qosıqshılar da qosıladı. Simfoniyalıq orkestrde qanday ásbaplar qatnasatuǵınlıǵın siz jaqsı bilesiz. Tolıq simfoniyalıq orkestr tómendegishe jaylasadı:




Simfoniyalar ádette tórt bólimnen ibarat boladı:
I bólim Sonata allegro formasında;
II bólim lirik xarakterde, saldamalı, jay tempte;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

III bólim Menuet yamasa Skertso xarakterinde;

IV bólim Rondo formasında. Bul bólim ádette saltanatlı, shadlı xarakterde keledi.

Simfoniya janrın nemis, chex, italiyan, francuz hám avstriyalı kompozitorlar jaratqan.

Simfoniyanıń klassikalıq túrlerin Y. Gaydn, V. Mocart, P. Chaykovskiy, S. Prokofyev, D. Shostakovish sıyaqlı kompozitorlar jaratqan. Ózbek kompozitorları arasında M. Ashrafiy, I. Akbarov, T. Qurbanov, S. Jalil, M Tajiev, B. Lutfullaev, M. Bafoev, qaraqalpaq kompozitorları Ǵ. Demesinov, N. Muxameddinov, M. Jiyemuratovlar simfoniyalıq shıǵarmalar jazǵan.

Simfoniyanıń ápiwayı hám kishkene kólemdegi túri simfonietta, bir bólimnen ibarat túri Simfoniyalıq poema dep ataladı.

*V. A. Mocarttıń shıǵarmalarınan úlgiler tıńlań (40-simfoniya).*

**40-SIMFONIYA**

*(úzindi)*

*V. Mocart* muzıkası

**Ortasha tezlikte**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






**Simfoniyanı qurawshı bólimler.** Simfoniya – orkestr ushın baǵdarlanǵan iri kólemdegi muzıkalıq shıǵarma. Ádette simfoniyalar 4 bólimnen ibarat boladı. 1-bólim – Sonata allegro formasında; 2-bólim – kobinese 3 bólimli yamasa variaciya formasında; 3-bólim – quramalı 3 bólimli formada; 4-bólim – rondo yamasa variaciya formasında bolıp, saltanatlı tamamlawshı bólim boladı.



Muzıka ámeliyatında kompozitorlar 1 yamasa 2 bólimli simfoniyalar da dóretken.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

?! 1. “Simfoniya” sózin táriyiplep beriń.
2. Simfoniyalıq orkestr qaysı saz-ásbaplarınan quraladı?
3. Simfoniyanı qurawshı bólimleri haqqında aytıp beriń.
4. Simfoniya janrında qálem terbetken qaysı ataqlı kompozitorlardı bilesiz?
5. Ózbek hám qaraqalpaq kompozitorlarınan kimler simfoniya janrında kóbirek jazǵan?

## *4-tema:* LYUDVIG VAN BETXOVEN



Lyudvig van Betxoven
*(1770 – 1827)*

Lyudvig van Betxoven Germaniyadaǵı Reyn dáryasınıń boyında jaylasqan Bonn qalasında 1770-jılı dúnyaǵa keldi. Onıń atası hám ákesi Iogann hám kóp jıllar dawamında saray muzıkashısı, qosıqshısı bolıp islegen.

Betxovenniń shańaraq aǵzaları jarlı jasaytuǵıń edi. Lyudvig az sóyleytuǵın, kóbinese jalǵız júriwdi jaqsı kóretuǵıń bala edi. Jaslayınan muzıkanı jaqsı kórer edi. Ákesi onıń muzıkashı bolıwın qálemes edi. Lyudvig ákesinen jasırın túrde skripka shertiwdi úyrendi.

Keyinnen balasınıń talantın sezgen Iogann oǵan klavesinde, skripkada oynawǵa ruqsat etip, ózi tayarlay baslaydı. 1778-jılı ákesi 8 jasar Lyudvigti birinshi márte koncertke shıǵaradı. Koncertte Lyudvigti tıńlawshılar júdá jaqsı qabıl aladı. Onıń atı tez tanılıp, jaqsı oqıtıwshılar sabaq bere baslaydı. Organshı Nefe onıń oqıtıwshısı hám dostı bolıp qaladı.

Xojalıǵı jarlı jasaǵanlıǵı sebepli ol saray kapellasında organshınıń járdemshisı bolıp islewge májbúr boldı. Lyudvig jaslıǵınan muzıka jazıw menen shuǵıllandı. Onıń jazǵan sonataları, simfoniyaları dúnyaǵa belgili.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Orta jasqa kelgende ol kesellikke shalınıp, qulaǵı esitpey qaldı. Sol jaǵdayda muzıka jazıwın toqtatpay, kóp sandaǵı sonatalar, pyesalar, simfoniyalar, oratoriya hám «Fidelio» operasın jazıp qaldırdı. Házirgi kúnde de barlıq konkurslarda Betxovenniń muzıkaları shertilip turadı.

⦿ *Betxovenniń "Qaharmanlıq" 3-simfoniyasınan úzindi tıńlań*

?!
1. Betxoven qashan hám qaerde dúnyaǵa kelgen?
2. Betxovenniń balalıq dáwiri haqqında aytıp beriń.
3. Betxovenniń birinshi koncerti haqqında aytıp beriń.
4. Betxoven qaysı janrlarda shıǵarmalar dóretti?

## *5-tema:* **FRIDERIK SHOPEN**



Friderik Shopen
*(1810 – 1849)*

Friderik Shopen dúnya muzıka mádeniyatına úlken úles qosqan ullı polyak kompozitorı. Ol óz dáwirindegi eń ataqlı pianinoshı hám polyak klassikalıq muzıkasınıń negizin salǵan kompozitor boldı.

Kompozitor Varshava qalasına jaqın jerde 1810-jılı tuwılǵan. Ol jaslayınan muzıka menen shuǵıllanıp 7 jasında óziniń dáslepki shıǵarmaların jazdı. 8 jasında birinshi koncertlerin berdi. 1830-jılı Friderik bilimin asırıw maqsetinde Parijge kelip, sol jerde ómiriniń aqırına shekem qalıp ketedi. Óz elinde ǵárezsizlik ushın gúreskenlerdi jazalap atırǵanlıǵı sebepli, ol Polshaǵa qayta almay, 1849-jılı Parijde qaytıs boladı.

Shopenniń shıǵarmaları dúnya muzıkasına, ásirese, fortepiano muzıkasınıń rawajlanıwına úlken úles qostı. Ol negizinen fortepiano ushın shıǵarmalar kóp jazǵan, olar muzıkalıq altın miyrastıń biybaha úlgileri bolıp sanaladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shopen 2 koncert, 4 pyesa, 3 sonata, 4 ballada, 76 polonez, 60 mazurka, 17 vals, 27 etyud jazıp qaldırǵan.

◉ *Friderik Shopen shıǵarmalarınan úlgiler tıńlań.*

**MAZURKA**

*F. Shopen* muzıkası

**Júdá tez**






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Tómendegi namanı notalarǵa qarap aytıń:



1. Friderik Shopen – sheber pianinoshı.
2. Shopen neshe jasınan muzıka jaza basladı?
3. Shopenniń dóretiwshiligine tán ózgeshelikler haqqında aytıp beriń.
4. Shopen qaysı janrlarda úlken miyras qaldırdı?






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**QOSIQ ÚYREN**

## TUWILǴAN JER

*(Xor ushın)*

*Keńesbay Raxmanov* sózi — *Ǵaniy Amaniyazov* muzıkası






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *6-tema:* MIXAIL GLINKANÍŃ ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI



Mixail Glinka
*(1804–1857)*

Rus klassikalıq muzıkasınıń tiykarın salıwshılardıń biri Mixail Ivanovich Glinka 1804-jılı Smolensk guberniyasınıń Novospass awılında dúnyaǵa keldi. Glinkanıń muzıkaǵa qızıǵıwı jaslayınan belgili boldı. Ol diyqanlar orkestrin tıńlap, ózi skripka, fleyta hám fortepiano shertiwdi úyrendi. Sonıń menen qatar shet tillerdi, ádebiyat hám tariyxtı, súwret sızıwdı úyrendi.

1817-jılı Peterburgke kelip, Blagorodnıy pansionına oqıwǵa kiredi. 1822-jılı pansiondı pitkergennen keyin muzıkaǵa qızıǵa baslaydı. Glinkanıń dóretiwshilik isleriniń jolǵa túsiwinde Pushkin, Griboedov, Jukovskiyler kóp járdem beredi. Muzıka menen tereńirek shuǵıllanıw ushın ol Germaniya hám Italiyaǵa saparǵa shıǵadı. Ol jerlerdiń mádeniyatı hám ataqlı kompozitorları menen tanısıp, muzıkalıq bilimin tereńlestiredi. Italiyada júrip birqansha shıǵarmalar jazadı. 1834-jılı Rossiyaǵa qaytıp kelip «Ivan Susanin» operasın jazadı. Opera 1836-jılı saxnaǵa qoyılıp, úlken tabısqa erisedi.

Usınnan keyin «Ruslan hám Lyudmila» operasın jazıwǵa kirisedi.

1844-jılı Glinka Parijge kelip, ataqlı kompozitor Berlioz benen tanısadı hám jaqın qatnasıqta boladı. 1845-jılı ol Ispaniyaǵa barıp, sol jerde kóp shıǵarmaların dóretedi. Madridte 1846-jılı «Aragonskaya xota» fantaziyasın jazadı. Ómiriniń sońǵı 9 jılı dawamında «Kamarinskaya» simfoniyalıq poemasın, kóp pyesalar, romanslar jazadı.

1857-jılı 3-fevralda Glinka Berlinde qaytıs boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*M. Glinka shıǵarmalarınan úlgi tıńlań.*

### KAMARINSKAYA

*(Simfoniyalıq fantaziya)*

*M. I. Glinka* muzıkası






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *7-tema:* EVROPA MUZÍKASÍNÍŃ DÚNYA XALÍQLARÍ ARASÍNA TARQALÍWÍ HÁM TÁSIRI

Evropa muzıkası klassikalıq dárejege jetkenshe uzaq jollardı basıp ótken hám házirge shekem rawajlanbaqta. Onıń jáhán xalıqlarınıń muzıka mádeniyatına tásirin qońsılas bolǵan ellerdiń muzıkasınan biliwge boladı.

Aldın-ala rus muzıkası usı jol menen rawajlanıp, keyin basqa xalıqlarǵa tarqala baslaǵan.

Muzıka mekteplerinde, arnawlı kórkem óner joqarǵı oqıw orınlarında Evropa kompozitorlarınıń klassikalıq shıǵarmaları sabaqlıq sıpatında paydalanılıp keledi. Fortepiano, skripka, úplep shertetuǵın ásbaplarda bilim alıwshı hárqanday oqıwshı Evropa kompozitorlarınıń etyudların, koncertlerin, sonataların shertiwi shárt. Sebebi atqarıwshı sazendeniń texnikalıq uqıbınıń ósiwine sol shıǵarmalar kóp járdem beredi.

Usı jollar menen Evropa muzıkası basqa xalıqlar qatarı ózbek hám qaraqalpaq muzıkasına da úlken tásirin tiygizdi. Usılardıń negizinde rawajlanǵan, óz milliyligine iye ózbek hám qaraqalpaq muzıkası payda boldı.

Evropa muzıkasınıń ózbek hám qaraqalpaq muzıkasına tásiri XX ásirdiń baslarında baslandı. Biziń muzıkamız usılardıń tásirinde bir ásir dawamında rawajlanıp, jáhán xalıqlarınıń rawajlanǵan kórkem óneriniń dárejesine jetti.

Bul isler úlken áwlad kompozitorları V. Uspenskiy, A. Kozlovskiy, S. Vasilenko, R. Glierlerdiń T. Sadıqov, M. Ashrafiy, I. Akbarov, T. Jalilov, M. Burxanovlar menen birge dóretiwshilik islesiwinen baslanǵan. Nátiyjede, ózbek muzıka mádeniyatında Evropa klassikalıq jolları menen suwǵarılǵan óz shıǵarmaları – operalar, baletler, simfoniyalıq muzıkalar payda boldı. Usılay etip Evropa muzıkası basqa ellerge de tásirin tiygizdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Evropa klassikalıq muzıkalarınan úlgiler tıńlań.*

Torǵay sazın notaǵa qarap aytıń.

**TORǴAY I**



?! 1. M. Glinkanıń muzıkaǵa qızıǵıwında diyqanlar orkestriniń roli nede?
2. "Ruslan hám Lyudmila" operasınıń dóretiliwi haqqında aytıp beriń.
3. "Kamarinskaya" simfoniyalıq fantaziyasınıń dóretiliwi haqqında aytıp beriń.
4. Orta Aziya xalıqları muzıkasında evropasha janrdaǵı shıǵarmalardıń payda bolıw'ı.
5. Simfoniya jazǵan dáslepki ózbek hám qaraqalpaq kompozitorlarınan kimlerdi bilesiz?

## TEST JUMÍSÍ

**1. V. A. Mocart qaysı ásirde jasap ótti?**
a) XIII ásirde; b) XIX ásirde; c) XX ásirde.

**2. V. A. Mocarttıń watanı qaysı jer?**
a) Franciya; b) Qıtay; c) Avstriya.

**3. Lyudvig van Betxovenniń operasın belgileń.**
a) Fidelio; b) Sıyqırlı fleyta; c) Karmen.

**4. Friderik Shopen qaysı millet kompozitorı?**
a) francuz; b) polyak; c) yapon.

**5. M. Glinkanıń operasın belgileń.**
a) Boris Godunov; b) Ivan Susanin; c) Traviata.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6. Jeke qosıqshılar, xor hám orkestr ushın jazılǵan iri vokal-simfoniyalıq janr.**

a) Balet; b) Kantata; c) Sonata.

## KROSSVORD




1. Betxovenniń atı.
2. Dúnya júzine keń tarqalǵan saz-ásbabı.
3. Tórt saz-ásbabınan dúzilgen ansambl ne dep ataladı?
4. 40tan artıq simfoniya dóretken avstriyalı kompozitor.
5. “Elizaǵa” atlı shıǵarmanıń avtorı.
6. Ataqlı polyak pianisti hám kompozitorı.
7. Ullı rus kompozitorı.
8. Professional muzıka jáne qanday at penen ataladı?
9. Polyak xalıq ayaq oyınlarınan biri.
10. Iri muzıkalıq janr.
11. Betxovenniń belgili pyesası.
12. Betxovenniń 3-simfoniyasına qanday at berilgen?
13. Kompozitorlıq ónerge tán janr.
14. Kompozitorlıq ónerinen keń orın alǵan saz janrlarınan biri.
15. M. Glinkanıń simfoniyalıq fantaziyasınıń atı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAZMUNÍ

Sóz bası ....................................................................................3
Ózbekistan Respublikasınıń mámleketlik gimni ...........................4
Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik gimni...................6

## I SHEREK

### Milliy klassikalıq muzıka haqqında túsinik

Milliy klassikalıq muzıka ..................................................................8
Milliy klassikalıq sazlar ....................................................................9
Milliy klassikalıq namalar ................................................................12
Shashmaqom – milliy klassikalıq muzlkamızdıń negizi .............14
Ferǵana-Tashkent úlkesiniń milliy klassikalıq muzıkası.
Katta ashula.......................................................................................16
Xorezm úlkesiniń klassikalıq muzıkası .........................................17
Surxandárya–Qashqadárya úlkesiniń milliy klassikalıq muzıkası .....19
Qaraqalpaq xalqınıń milliy klassikalıq muzıkası .........................22
Qaraqalpaq baqsıshılıq mektebi.....................................................23
Milliy klassikalıq muzıkasınıń mádeniyatımızdaǵı ornı ...............24

## II SHEREK

### Zamanagóy muzıka hám onıń tiykarǵı ózgeshelikleri

Zamanagóy ózbek muzıkası.........................................................27
Zamanagóy muzıka. Qaraqalpaq muzıkası.................................28
Folklor muzıkası hám dástan atqarıwshılıq óneri ......................30
Estrada muzıkası. Batır Zakirov hám «Yalla» topari .................33
Muzıka boyınsha kórik-tańlaw hám festivallardıń ......................38

## III SHEREK

### Shiǵiz xalıqlarınıń klassikalıq muzıkası

Shiǵiz ırǵaqları...................................................................................42
Túrk hám ázerbayjan xalıqlarınıń klassikalıq muzıkası .............45
Túrkmen xalıq klassikalıq muzıkası............................................46
Qazaq hám qırǵız xalıqlarınıń milliy klassikalıq muzıkası ........50



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shiǵiz xalıqlarınıń klassikalıq muzıkasındaǵi uqsaslıqlar...........52
Zamanagóy qaraqalpaq muzıkası hám onıń janrları.................55
Saparbay Palwanov (1937–1999)...............................................59
«Bozataw» simfoniyalıq poeması..............................................60
Qaraqalpaq jıraw-baqsıları Qıyas jıraw Qayratdinov..................63
Genjebay baqsı Tilewmuratov (1929–1997)...............................64

## IV SHEREK
## Evropa klassikalıq muzıkası haqqında túsinik

Evropa klassikalıq muzıkası.......................................................68
Volfgang Amadey Mocart...........................................................71
Simfoniya haqqında túsinık........................................................73
Lyudvig van Betxoven ...............................................................76
Friderik Shopen .........................................................................77
Mixail Glinkanıń ómırı hám dóretiwshılıgı.................................81
Evropa muzıkasınıń dúnya xalıqları arasına tarqalıwı
hám tásiri.....................................................................................83



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Soib Begmatov, Kalmurza Kurbanov**

**MUSIQA**

6-sinf uchun darslik

Qoraqalpoq tilida

Ózbekshe qayta islengen 6-basılıwınan
qaraqalpaqsha 3-basılıwı

Awdarmashı K. Kurbanov
Redaktor S. Tajetdinova
Kórk. red. Sh. Mirfayozov
Tex. red. Ye.Koryagina, B. Turımbetov
Notasın jazǵan B. Ashurov
Operator: Z. Aliyeva

IB No 4638

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 15.08.2017 j. Formatı 70X90 1/16. Kegli 12,5.
«Arial» garniturası. Ofset usılında basıldı. 7,02 shártli b.t. 6,0 esap b.t.
Nusqası 12.460 dana. Kelisim 55-2008. Buyırtpa 190/351.

Ózbekistan Respublikası Baspa sóz hám xabar agentliginiń
Ǵafur Ǵulam atındaǵı baspa poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi.
100129. Tashkent. Nawayı kóshesi, 30.
100128. Tashkent, Shayhontaxur kóshesi, 86.

**www.gglit.uz** **info@gglit.uz**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE